Ассаламу гIалайкум, Казбекалъул жамагIат!

# ВЕСТНИК Чапар

КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

12+ № 18 (93156)/ 8 май 2017 с./ итни 12 Шаг1бан 1438 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail. ru

# К1удияб Бергьенлъиялъ - 72 сон!

## Поздравляем!

### Уважаемые участники Великой Отечественной войны, вдовы погибших, труженики тыла, дети войны!

*Вот и наступила еще одна годовщина Великой Победы! Этот праздник особенно дорог каждому из нас. Победа в Великой Отечественной войне потребовала от всего нашего народа огромного напряжения всех духовных и физических сил, а от вас -беспримерного героизма на фронте и самоотверженности в тылу. День Победы - это боль и слезы радости, это-память сердец, которую бережно хранит каждая семья. Это то, что объединяет нас и делает непобедимыми перед лицом любых испытаний. Наши дети не забудут, внуки и правнуки будут гордиться вами, вынавечно в наших сердцах.*

*Здоровья вам, счастья, благополучия, мирного неба и праздничного настроения!*

*Глава МР «Казбековский район» Г.Г. МУСАЕВ.*
*Председатель Собрания депутатов Г.М.ГИРИСХАНОВ.*

### Уважаемые Казбековцы!

*9 Мая мы празднуем самую важную для нас дату-День Победы. В этот день хочу особо обратиться к нашим ветеранам. Вы сберегли нашу страну, спасли от рабства народы Европы и Азии. Низкий вам поклон!*

*От всего сердца поздравляю вас с этим знаменательным днем. Желаю вам здоровья, благополучия, счастья и добра. Пусть память об этой Победе будет для всех вечным примером, образцом мужества, стойкости и преданности своему Отечеству.*

*Секретарь политсовета*
*ВПП «ЕдинаяРоссия» Д.Г. МАХАЧЕВ.*

### Уважаемые земляки!

*Поздравляю вас с этим великим и радостным днем-праздником Победы. Гордитесь героями Родины и никогда не забывайте ветеранов, ведь благодаря им мы живем и трудимся. Пусть мы не услышим свиста пуль и не увидим хмурых туч войны на небе. Здоровья, счастья и успехов вам всем.*

*Депутат НС РД М.-п.(М.-к.) Д. УМАХАНОВ.*

### ХIурматиял районцоял!

*72 сон тIубана КIудияб ВатIанияб рагъда Советияб халкъалъ Бергьенлъи босаралдаса. РухIалда барахщичIого, багъана нилъер халкъ гурхIел гьечIев тушманасде данде.*

*«Кинабго-фронталъе, кинабго-бергьенлъиялъе» абураб ахIиялда гъоркь, къаси-къад чIечIого, кIвахIтун, хIалтIана нилъер умумул. 1118 сордогун къоялъ халат бахъараб рагъда гьез бихьизабуна жидер цолъи, гьудуллъи ва ВатIаналде бугеб рокьи. Нилъеда гьеб киданиги кIочене гьечIо.*

*Кьеги нуж тIолазего сахлъи,талихI,рохел. Камугеги нужер гьурмаздаса гьими. БукIаги нужеда тIад даимаб ва ракълилаб зоб.*

*Х.И.МУХ1АМАДХ1АБИБОВ, рагъул ва захIматалъул ветерназул Советалъул председатель.*
*ХI.А. АДИМИРЗАЕВ, ЖамгIияб палатаялъул председатель.*

## Гьазие памятник лъелаан дица

Нилъер шагьаразда ва щибаб росулъ,
Мармарул памятник лъелаан дица.
ВатIан цIунулаго рухIкьунщиназе,
Меседил хIарпаца тIад цIаралги хъван.
ТIолабго ракьалда тIегьарал тIугьдул
Киналго кьелаан гьезул улбузе,
Васал руссиналъухъ балагьун чIеялъ,
КIиябго бадиса канлъи босарал.
Хадусеб памятник лъелаан дица,
Тылалда хIалтIарал ветераназе.
Бергьенлъиялъул Къо гIагар гьабизе,
Чорхол рухIги жанги жидеца кьурал.
Цогиги памятник балаан дица,
Россиялъул тIолго гьал БахIарзазе
БахIарчи кидаго хвел гьечIев вукIин,
Нилъер тушбабазда бихьизабурал.
Гьанже гьаб хадусеб памятник дица,
Эхетун телаан рагъухъабазе.
Ракъдада,ралъдада,тIад гьаваялда
Гьуригун багъулеб ярагъгун ругел.
Гьезда хьолбохъ цоги си борхилаан,
Жанисел ишазул аскариязе,
Рии бухIаниги цIорой кканиги,
Рачел къан борчарал гIолохъабазе.
Гьанже ахирисеб памятник дица,
Балаан борхатаб, нужее лъимал,
Рекъел, миллат, ВатIан цIунеян абун,
Киналго мацIазда гьелдаги бикIун.
Киниялда ругел гьал гьитIичазе,
Гьадал мугIрул гIадал магIарулазе,
МагIарул гIадатги яхIги, намусги
Ясберлъун цIунарал дир кьерилазе.

*Мух1амадбег АБУЛАЕВ, Гуни росу.*

## Нужер бахIарчилъи кIочене гьечIо !



*Р. ХАЙРУЛАЕВ*
*Дилим росу.*



*Х1. Х1АСАНОВ*
*Дилим росу.*



*М. ХАРСМУХ1АМАДОВ*
*Алмахъ росу.*



*А. МУХ1АМАДОВ*
*Ленинаул росу.*

1941 - 1945

ГIагараб газеталъул божарал гьудулзаби,

# К1удияб Бергьенлъиялъ - 72 сон!

## Жакъа дида аск1ой г1одой ч1ун йиго...

Гъозтала росулъа Г1алилги Х1авалги яс Адаэбел гьаюна 1942 соналъ. Гьебго соналъ Г1али Ват1анияб рагъде ана. Рагъде инелде цеве, гьев х1алт1ана колхозалъул председателасул кумекчилъун.

1943 соналъ Г1алил квералги х1ат1алги ругьана, г1емер унтана, амма къоял инелде, гьев нахъеги рагъде вит1ана. Гьебго соналъ росулъе кагъат бач1ана Г1али, араб бак1 лъач1ого т1аг1анин абун. «Кинабго - фронталъе, кинабго - бергьенлъиялъе» , абураб ах1иялда гъоркь, цогидал росдал руччабиго г1адин, Х1аваги х1алт1ана колхозалда. Эбелалда цадахъ х1алт1изе ккана, жеги школалде ине заманцин г1еч1ей, Адаэбелги. Яшав гьабизе зах1матал рук1ана рагъдаса хадусел соналги. Анлъго-анкьго соналъ ракъдаллъана дуниял, ккана ракъи.



4 класс лъуг1арай гьей эбелалъ йит1ана, ч1ах1иял руччабигун, гъутаналда х1алт1изе. Кваназе квен, рет1ине рет1ел, къаси макьу гьеч1еб, къад х1алхьи гьеч1еб бук1ана гьелъул г1умру.

Хадусан Адаэбел х1алт1ана дояркалъун. 13 г1акаги 1 гамущги бук1ана гьелъул жавабкьеялда. Беч1ч1араб рахь баччизе кколаан Г1абидат абулей ч1ужуялъул рукъобе машинаялда базе.

«Дир к1иябго гъеж бук1унаан х1алщун, унтун. Дида рак1 бух1ун, мунагьал чураяв, г1ачиязул вехь Гъазимух1амадица гьабулаан ведраби раччизе дие цо-цо кумек.

Роол моц1аз дун йик1унаан магъилъ бачалги хьихьун. Бихьараб зах1малъиги г1акъубаги гьадингоял жал ратана. Бищун зах1малъараб жо ккана, дун 4 классалда ц1алулей йик1аго, бот1рол унтиги ч1ван, хвана 20 - го сон барав, дир цох1о вук1арав вац. Дие эменлъиги вацлъиги гьабурав гьев ками дие ц1акъ зах1малъана.

Ц1одорав, рак1г1ат1идав, киназего вокьулев, г1ажаибав вас вук1ана гьев. Г1емер бицунаан дос дие инсул. Чанги, т1охдеги рахун зодисан боржунеб самолетахъги ралагьун нижеца ах1и балаан: «Дада, дие горде босизе г1арац рехе! Ниж духъ ралагьун ч1ун руго!», - ян абун. Кинабалиго, бицине лъалареб, ургъалабаз ц1ураб, бук1ана дир г1умру.

Дун г1адал ясал расандила рук1унаан, дун абуни, вацасухъ ч1ег1ерги бан, ят1а ч1ун, къваридго йик1унаан. Дир эбелги ц1акъ х1алт1улей ч1ужу йик1ана. Лъик1ай х1алт1ухъан ва депутат х1исабалда, гьей г1ахьаллъана СССРалъул Верховный Советалъул данделъиялда. Гьелда «Стахановка»,- ян абулаан.

Гьедин ана къоял, сонал. 4-аб. классалдаса байбихьун 8 класс лъуг1инег1ан, ц1алана Дилим росдал интернаталда. 8 класс лъуг1арабго, кьуна Г1умарил вас Нуцалие.

Рукъалде аралдаса г1езег1ан бигьалъи ккана. Нуцал х1алт1улев вук1ана колхозалъул шоферлъун. Т1аса ана дида харилги ц1улалги магьал раччи», - ян абун лъуг1инабуна Адаэбелалъ жиндирго къисматалъул бицунеб, къокъабго хабар.

Нуцалицаги Адаэбелалъги г1езаруна 3 васги 2 ясги. Гьезулги буго жиде-жидер маг1ишат.

Адаэбелги Нуцалги х1алт1ана колхозалда ва лесхозалда. Адаэбел йищун йик1ана росдал депутатлъун. Гьелъул руго, рак1бац1ц1адаб х1алт1ухъ щварал г1емерал шапакъатал. Нуцалицажигараб г1ахьаллъи гьабулаан жамаг1аталъул х1алт1улъе. Ахириял соназ гьес бет1ерлъи гьабуна росдал культураялъул Рукъалъе, гьенийго техничкалъун х1алт1ана Адаэбелги.

Адаэбелалъ бицаралъул х1исаб гьабун хадусан, дир рек1елъе рач1ана гъоркьехун рехсарал коч1ол раг1аби. Риччанте гьел сайгъатлъун рук1ине Адаэбелалъеги, гьейго г1адин, эменал рагъдаги ч1ван, зах1маталъ к1век1арал, рагъул кьог1лъиялъул г1аркьел жидеда бихьарал, нилъер районалда ругел киналнигирагъул соназул лъималазе.

*Жакъа дида аск1ой г1одой ч1ун йиго,*
*Г1умрудул соназулъ эмен лъач1ей яс.*
*Дунялалъул канлъи бихьилелдего,*
*Эменги рагъда ч1ван, бесдаллъарай яс.*

*Инсул гьумер лъач1ей, х1еренлъи лъач1ей,*
*Дадал бурут1илан каранда къач1ей,*
*Инсуца босараб горде рет1инч1ей,*
*Анищалъ, пикрабалъ эменгун йигей.*

*Зодисан боржунеб самолеталде,*
*«Вач1а, дада!» - йилан г1емер ах1т1арай,*
*Гьев вач1инин хьулалъ рагьараб каву,*
*Жеги рахан гьеч1ей, хьул къот1ун гьеч1ей.*

*Жакъа дида аск1ой г1одой ч1ун йиго,*
*Т1огьилльарал кагьтал карандеги къан,*
*Къаси кьижич1ого сардал рорч1арай,*
*Эменги рагъда ч1ван, бесдаллъарай яс.*



*Асият СУРХАЕВА, Гъозтала росу*

## Щивго к1очон гьеч1о

КӀудияб ВатӀанияб рагъул гӀахьалчи Усаев ХӀайбула Хъазахъмирзаевич гьавуна Буртунай росулъ 1923 соналъ рекьарухъабазул хъизаналда.

1943 соналъул январалдаса байбихьун 1944 соналъул июлалде щвезегӀан хъулухъ гьабуна 176 дивизиялъул 404 кьвагьдохъабазул полкалда. ЗахӀматго лъукъана 1943 соналъул сентябралда.

II-группаялъул инвалидлъун тӀадвуссана гӀагараб росулъе. ХӀалтӀана колхозалъул батӀи-батӀиял магӀишатиял бутӀабазда.

Усаевас хъулухъ гьабураб рагъулаб часталь 1941-1445 соназ нахъа тана халатаб нух ва тушбабаздаса эркен гьаруна - Ростов, Мелитополь, Кишинев, Киев, Ворошиловград, Варшава, Вильнюс, Минск, гӀадал шагьарал. Кьаби щвезабуна ахӀичӀого рачӀарал «гьалбазда», гурхӀел гьечӀел хъурумсахъал гъуна жидерго рукӀнахъе, чӀинтӀизаруна гьезул бутӀрул.



**Сураталда: Усаев ХӀайбула**

Рагъул фронталдаса тӀадвуссаравго Усаевас байбихьана хӀалтӀизе, захӀматалъул фронталда.

МустахӀикълъана гӀемерал орденазе ва медалазе. Щулияб бухьен ккуна дин-исламалъулгун. ГӀахьаллъана росдал гӀумруялде гъорлъе. Х1ажат ккаралъув хӀалае ватулев, кьучӀаб рагӀилъул чилъун лъала росуцоязда Усаев ХӀайбула Хъазахъмирзаевич (Усаевич).

Жакъасеб ракълилаб гӀумруялъе гӀоло, гӀодобе би тӀурал миллионал Советиял гӀадамазда гъорлъ чӀахӀа хӀарпаз цӀар хъван буго гьев мунагьал чурадил.

БакӀаб захӀматалъул юк баччизе ккана ХӀайбулал лъади ХӀабизатицаги. ГьитӀинго,10-11 соналъул гӀумруялда, лъугьана гьей захӀматалъул нухде. ЧӀарадана, лъилъарана, гӀагараб колхозалъул хурзабахъ. «Кинабго - фронталъе, кинабго - бергьенлъиялъе»,- абураб ахӀиялда хӀалтӀана росдал магӀишатиял бутӀабазда.

Рагъалдаса цӀуниялъе хандакъал рухъиги, гъутабазда каналал муцӀи - хералдаса рацӀинги. гӀи - боцӀухъанлъиги ХӀабизатиеги гьелъул дандиязеги доб заманалда букӀана гӀадатияб, щибаб къойилаб чара гьечӀого тӀубазе кколеб хӀалтӀилъун.

Кваназе квен, ретӀине ретӀел гьечӀеб ракъараб язихъаб, заманалда гьел рос-лъадуца г1умрудул нухде регӀана 3 ясги 3 васги. Ана сонал, нахъа тана кӀичӀалаби гӀемераб, заз-хъарахъалъул цӀураб халатаб гӀумрудул нух.

Кинаб къварилъиялде кканиги, гьез бичичӀо жидерго намусги-яхӀги. Лъиего хилиплъичӀо ва лъиданиги цере накалда чӀечӀо. РухӀал Алжаналда ратаги гьезулги гьезул эбел-инсулги.

**М. ГӀ. ЧУПАЛАЕВ.**

## РЕШЕНИЕ №09

**от 27 апреля 2017 г.**

***О выборах главы сельского поселения «село Инчха»***



В соответствии с частью 2.1. статьи 36 Федерального закона от 06 октября 2003г № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации» Собрание депутатов сельского поселения «село Инчха» решило:

На основании решения конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «село Инчха» и по результатам голосования считать избранным на должность главы сельского поселения «село Инчха» Шебиханова Ахмедхана Иразихановича, 1960 года рождения, уроженца с. Инчха Казбековского района, имеющего среднее специальное образование.

Решение вступает в силу со дня принятия решения.

*Председатель Собрания Т.С. ГАДЖИЕВ.*

# Представление населению государственных услуг в электронном виде

В рамках реализации распоряжения правительства Российской Федерации « О плане перехода на представление государственных услуг и исполнение государственных функций в электронном виде федеральными органами исполнительной власти» для граждан Российской Федерации предусматривается возможность направления ими заявлений в электронном виде на выдачу (замену) паспортов гражданина Российской Федерации, загранпаспортов, а с 1 июня 2010 года и о регистрации и снятии с регистрационного учета по месту пребывания в пределах Российской Федерации. Для этого используется федеральная государственная информационная система «Единый портал представления государственных и муниципальных услуг (функций)».

Для создания населению страны условий доступности к получению услуг предлагается отправлять заявления через «личный кабинет» Единого портала.

Образцы всех заявлений размещены на Едином портале. В тот же день гражданин, подавший заявление получает уведомление о результате рассмотрения заявления на свой «отличный кабинет» с указанием фамилии, имени, отчества и телефона ответственного сотрудника территориального отделения миграционной службы.

Для получения государственных услуг в электронном виде, гражданин должен авторизоваться: зафиксировать свои персональные данные, включающие, в том числе ИНН и страховой номер индивидуального лицевого счета застрахованного лица (СНИЛС).

Добро пожаловать на наш электронный адрес сети Интернет dubkiufms@fmsrd.ru

*П.А. ИДРИСОВА,*
*Гл. спец. эксперт внутренней миграции п. Дубки.*

# Обращение к руководителям организаций и предприятий на территории Казбековского района

В целях недопущения нарушения трудового законодательства Российской Федерации и в защиту трудовых прав и интересов работающих граждан, обращаемся к руководителям предприятий и организаций на территории Казбековского района независимо от их форм собственности с напоминанием об обязанности работодателя, оформить трудовые отношения с работниками на законных основаниях и в полном объеме выплачивать заработную плату в легальной форме. Кроме того, при этом просим обратить внимание на своевременность представления индивидуальных сведений на лиц, с которыми оформлены трудовые отношения, в соответствующие фонды и ФНС РД.

Рассчитываем на законопослушность и взаимопонимание.

***Отдел экономики, планирования и организационным вопросам администрации МР «Казбековский район».***

# Молчание – основа коррупции!

**Коррупция** - злоупотребление служебным положением, дача взятки, получение взятки, злоупотребление полномочиями, коммерческий подкуп либо иное незаконное использование физическим лицом своего должностного положения.

**Взятка** - принимаемые должностным лицом материальные ценности (предметы или деньги) или какая-либо имущественная выгода или услуги за действие (или наоборот бездействие), в интересах взяткодателя, которое это лицо могло или должно было совершить в силу своего служебного положения.

**ВЗЯТКОЙ МОГУТ БЫТЬ:**

Предметы - деньги, в том числе валюта, банковские чеки и ценныебумаги, изделия из драгоценных металлов и камней, автомашины, продукты питания, видеотехника, бытовые приборы и другие товары, квартиры, дачи, загородные дома, гаражи, земельные участки и другая недвижимость.

**Завуалированная форма взятки** - банковская ссуда в долг или под видом погашения несуществующего долга, оплата товаров, купленных по заниженной цене, покупка товаров по завышенной цене, заключение фиктивных трудовых договоров с выплатой зарплаты взяточнику, его родственникам, друзьям, получение льготного кредита, завышение гонораров за лекции, статьи, и книги, "случайный" выигрыш в казино, прощение долга, уменьшение арендной платы, увеличение процентных ставок по кредиту и т.д.

Уголовный кодекс Российской Федерации предус матривает несколько видов преступлений, связанных со взяткой: **1. Получение взятки. 2. Дача взятки. 3.Посредничество во взяточничестве. 4. Коммерческий подкуп. 5. Провокация взятки либо коммерческого подкупа.**

**Получение взятки** - получение должностным лицом, иностранным должностным лицом либо должностным лицом публичной международной организации лично или через посредника взятки в виде денег, ценных бумаг, иного имущества либо в виде незаконных оказания ему услуг имущественного характера, предоставления иных имущественных прав за совершение действий (бездействие) в пользу взяткодателя или представляемых им лиц.

**Дача взятки** - дача взятки должностному лицу, иностранному должностному лицу либо должностному лицу публичной международной организации лично или через посредника (статья 291 УК РФ).

**Посредничество во взяточничестве** - непосредственная передача взятки по поручению взяткодателя или взяткополучателя либо иное способствование взяткодателю и (или) взяткополучателю в достижении либо реализации соглашения между ними о получении и даче взятки в значительном размере (статья 291.1 УК РФ).

**Коммерческий подкуп** - незаконная передача лицу, выполняющему управленческие функции в коммерческой или иной организации, денег, ценных бумаг, иного имущества, а также незаконные оказание ему услуг имущественного характера, предоставление иных имущественных прав.

**Провокация взятки либо коммерческого подкупа** - попытка передачи должностному лицу, иностранному должностному лицу, должностному лицу публичной международной организации либо лицу, выполняющему управленческие функции в коммерческих или иных организациях, без его согласия денег, ценных бумаг, иного имущества или оказания ему услуг имущественного характера, предоставления иных имущественных прав в целях искусственного создания доказательств совершения преступления либо шантажа (статья 304 УК РФ).

*Г.Б. ГАЙИРБИЕВ, помощник главы района по противодействию коррупции.*
*Телефоны: Рабочий 55-48-69 (круглосуточно). Сотовый 8(989)871-44-88.*

# УВАЖАЕМЫЕ ЖИТЕЛИ РАЙОНА!

Последние годы на территории РД возросло количество телефонных мошенничеств, совершенных путем электронного перевода денежных средств.

Криминалистическая характеристика телефонных мошенничеств, совершенных в наши дни, свидетельствует о высокой подготовленности, организованности исполнителей.

Самый распространенный способ хищения денежных средств с банковской карты – с помощью услуги «мобильный банк».

При оформлении карты любого типа (зарплатной, дебетовой, кредитной и других) по желанию клиента производится ее привязка к номеру мобильного телефона владельца карты, это необходимо для совершения операций в Интернете, пополнении счета номера телефона, перевода денежных средств и так далее. Основной функцией является СМС-информирование обо всех операциях по счету карты.

Если держатель карты долго не использует свой мобильный номер (например, поменял), оператор сотовой связи не ранее 3-х месяцев по договору имеет право продать такой номер телефона, что часто и происходит, либо есть случаи, когда держатель SIM-карты выбросил ее или потерял, возможны случаи кражи телефона с SIM-картой. Однако к номеру телефона остается подключенной услуга «мобильный банк».

А если в руки нечестного человека попадает SIM-карта, к номеру телефона которого привязана чужая банковская карта, он может снять с нее с помощью нескольких СМС все (или часть) доступные денежные средства. Деньги на карте будут переведены на баланс мобильного телефона, уже не принадлежащего владельцу карты.

Бывают случаи, когда потерпевшие указывают номер своего телефона, ошибаясь в одной цифре, что приводит к тому, что услуга «мобильный банк» подключается к номеру другого человека, который может оказаться недобросовестным.

Совершение кражи средств с банковской карты становится возможным потому, что обо всех операциях, производимых с картой, информация в виде СМС приходит на телефон, номер которого привязан к карте, а о совершении операции списания средств с карты на баланс мобильного телефона владелец узнать может только в отделении банка, например, заподозрив уменьшение баланса через банкомат.

Хищения денежных средств с банковских карт бывают следующих видов: мошенничества с использованием услуги «мобильный банк», вредоносной программы, через сервисный номер банка «900», через услугу «Сбербанк онлайн», покупка/продажа товара через доступные доски объявлений (сайт «авито.ру» и так далее), под известными предлогами: «Ваш родственник (сын, дочь) попали в беду», «Вы выиграли приз», «Компенсация за приобретение лекарственных средств» и другие.

Другая схема хищения денежных средств – смс-сообщение о блокировке банковской карты. Особенность этой схемы заключается в том, что сообщения приходят с неизвестных абонентских номеров, либо с коротких номеров, похожих на номер «900».

«900» – это не банковский номер, а специальный номер оператора мобильной связи, который используется банком только для операций с помощью услуги «Мобильный банк». Именно этот номер использует «Сбербанк» для рассылки своим клиентам смс-уведомлений о состоянии счета и других информационных сообщений. Мошенники тоже стали подписывать свои сообщения буквенно-цифровыми номерами, например, «9оо» (два последних символа - буквы «о») или «СБ900».

Ложные смс-сообщения, как правило, информируют о блокировке банковской карты, о совершенном переводе средств или содержат другую информацию, побуждающую клиента перезвонить на указанный в смс номер телефона для уточнения информации.

Перезвонившему держателю карты мошенники представляются сотрудниками службы безопасности банка, специалистами службы технической поддержки или контактного центра и в убедительной форме предлагают срочно провести действия по разблокировке карты, по отмене перевода и тому подобного в зависимости от содержания смс-сообщения. Для этого предлагается подойти к ближайшему банкомату и еще раз перезвонить на указанный в смс-сообщении номер телефона.

Далее, слепо следуя получаемым по телефону инструкциям, люди сами переводят средства на электронные кошельки, банковские карты, телефоны мошенников или подключают свои банковские карты к услуге «мобильный банк» на телефон, указанный мошенником, что позволяет ему самому перевести денежные средства с карты.

Любой клиент банка, подключивший услугу «мобильный банк», может отныне пользоваться услугой «Сбербанк онлайн». Ему предоставляется возможность распоряжаться своим счетом через ноутбук, компьютер либо мобильное устройство, подключенное к сети Интернет. С помощью этого сервиса можно оплатить коммунальные услуги, телефон, кредиты, перевести деньги на счет другого лица – и все это самостоятельно, из любого места, где есть Интернет.

При этом, злоумышленнику, чтобы зарегистрироваться в «Сбербанк онлайне» и иметь доступ к вышеуказанным услугам, необходимо знать номер телефона, к которому подключена услуга «мобильный банк» и номер карты, которые сообщает непосредственно владелец карты.

Распространенным видом хищения денег с банковской карты являются мошенничества с использованием Интернета. На абонентский номер владельца карты, разместившего на сайте объявление о продаже того или иного имущества, поступает звонок от «потенциальных покупателей» с целью приобрести это имущество. После чего «покупатель» предлагает удобную форму оплаты в виде перевода денег на счет банковской карты, для чего просит сообщить ему следующие данные: номер карты, срок действия, проверочный код, а также дополнительный секретный код, направляемый банком в смс-сообщении на мобильный телефон клиента при совершении операции в Интернете.

Получив необходимую информацию, «потенциальный покупатель» совершает не операцию пополнения счета клиента, а операцию по переводу денежных средств с карты держателя на свой счет (банковскую карту, номер мобильного телефона, электронный кошелек и другие).

Кроме того, злоумышленник может попросить продавца пройти к банкомату, вставить свою карту и произвести определенные манипуляции, в результате услуга «мобильный банк» подключается на телефонный номер злоумышленника, и продавец теряет денежные средства со счета своей банковской карты.

*Г.А. ЗУБАЙРИЕВ, юрисконсультант ОМВД России по Казбековскому району, капитан вн. службы.*

# Ему было всего 19 лет.



**Гаджиев Каримудин Изудинович (сын основателя образования района Гаджиева И. Ш.)** родился в 1923 году в с. Дылым Хасавюртовского округа Салатавии. В школе был отличником. От сверстников отличался трудолюбием, скромностью, целеустремленностью, всем своим воспитанием был подготовлен к защите Родины. В 1938 году, после окончания 7 - летней школы, поступил в Хасавюртовское педучилище и окончил его в 1940 г.

До апреля 1942 г. работал учителем Дылымской средней школы. Вместе с друзьями добровольцем направлен в Махачкалинское пехотное училище (позже г. Манглиси Грузинской ССР). После окончания училища, присвоив звание «лейтенант», откомандирован в распоряжение командования Винницкого пехотного училища г. Тбилиси. В конце октября 1942 г. училище было реорганизовано и из личного состава были сформированы отдельные батальоны истребителей танков. В составе действующей армии, в качестве командира взвода, принимал участие в оборонительных боях под г. Орджоникидзе. В «армейских треугольниках» (письма) Гаджиев Каримудин писал родным: **«Я и мои солдаты будут мужественно защищать Кавказ и готовы ценою своих жизней приблизить победу над врагом».**

**1942 год.** Командование фашистской Германии решило за короткий срок захватить Северный Кавказ. Шли тяжелые бои, в которых сражалась и стрелковая рота Каримудина Гаджиева.

**Ноябрь 1942 г.** Рота Гаджиева укрепилась на высоте у города Моздок и не отступила ни на шаг. В эти тяжелые дни Каримудин написал отцу: **«Дорогой отец! Фашисты хотят наш Кавказ. Они его не получат».** Письма, адресованные сестрам, были полны оптимизма, уверенности в победе. Ни одной жалобы на трудности солдатской жизни. В одном из писем он пишет: **«Хорошо работайте в колхозе. Я понимаю, что вам трудно. Но многие люди лишены своей земли, возможности трудиться, жить. Надо все вытерпеть, потому что так надо».**

В другом он просил не писать в письмах ничего лишнего, так как такие до него не доходят. **«Меня нет с вами. И как бы трудно ни было, я найду возможность написать вам. Только отвечайте мне»,-** просил он сестер.

В дальнейшем Каримудин участвовал в боях на Моздокском направлении, был ранен и умер 13 декабря 1942 г в госпитале г. Беслан. Похоронен в братской могиле в центре г. Беслан.

Но о том где он был похоронен, в каком госпитале умер, мы узнали только в 1989 году. Нам помогли ТОКСовцы педагогического училища города Хасавюрт. Это училище в свое время закончил и Каримудин.

Для семьи, сестер, потерявших единственного брата, было очень важно найти могилу Каримудина. Они потеряли на это всякую надежду, но ТОКСовцы Хасавюртовского педучилища выяснили правду о смерти Каримудина. Всей семьей Гаджиевы поехали в Беслан. Конечно, было очень тяжело. Братская могила была ухожена и утопала в цветах.

На мраморном надгробье было написано: **«Спите спокойно, павшие герои! Благодарные потомки будут помнить о наших бессмертных подвигах».** И в четыре колонки были вычеканы имена павщих в боях за Северный Кавказ. И отдельная строчка: **«Гаджиев К.И.».** Такая короткая строчка, а сколько мужества, стойкости и воли за ней. И сколько боли и слез. **Ведь Каримудину было всего 19 лет!** Да и другим ребятам было немногим больше. В своих воспоминаниях подполковник внутренней службы в запасе Гаджиев Махмуд Гаджиевич вспоминал:

**Мы поступили в распоряжение командования Винницкого пехотного училища в городе Тбилиси. В начале ноября 1942 года в составе 72-го отдельного истребительного батальона нас перебросили в район города Орджоникидзе. В оборонительных боях за город, по моему, мы сдали экзамен стойкости и массовой выдержки. Нас обстреливали из дальнобойных орудий с раннего утра и до вечерней зари. Иногда казалось, что в живых не останется никто. Помогали хорошие доты.**

**Из - за одинаковых фамилий, меня и Каримудина считали братьями и каждому из нас говорили: «Твой брат дерется как настоящий потомок Шамиля». Каримудин был тяжело ранен и отправлен в госпиталь Беслана. И только в конце войны я узнал, что он погиб в том бою под Моздоком. Каримудин был стойким, мужественным командиром».**

***В памяти народа навечно останутся имена защитников Отечества.***

*А. И. ДАДАЕВ, заслуженный учитель РД, краевед, с. Дылым.*

# Прокуратура сообщает…

## *Житель Казбековского района осужден за хищение природного газа*

Казбековский районный суд вынес приговор в отношении Гамзалаева Сайрудина Джабраиловича. Он признан виновным в совершении преступлений, предусмотренных п. «б» ч. 3 ст. 158 и п. «б» ч. 3 ст. 158 УК РФ (кража, совершенная из газопровода).

Как установлено в судебном заседании, с октября 2016 по декабрь 2016 года, С. Гамзалаев, с целью обеспечения функционирования, арендованных им помещений СТОА и автомойки, совершил хищение природного газа общим объемом 18 144 м$^3$, причинив ущерб ООО «Газпром Межрегионгаз Пятигорск» на сумму 114 377 рублей.

С учетом позиции государственного обвинителя прокуратуры района, суд назначил Гамзалаеву наказание в виде штрафа в размере 250 тысяч рублей.

---

Прокуратура Казбековского района возбудила административные производства в отношении некоторых глав администраций и руководителя СПК за неисполнение требований прокурора.

Прокуратурой района по результатам выявленных нарушений законодательства о противодействии коррупции, законодательства о контрактной системе в сфере закупок товаров, работ, услуг для обеспечения государственных и муниципальных нужд, а также трудового законодательства в адрес глав администраций сельских поселений «с. Дылым», «с. Гуни», «с. Буртунай», «с. Хубарский» и руководителя СПК «Дружба» внесены представления об устранении нарушений закона и привлечении виновных должностных лиц к дисциплинарной ответственности, о результатах, рассмотрения которых необходимо было сообщить в прокуратуру района в установленный законом месячный срок.

Однако, в установленный срок требования прокурора не выполнены, ответы на представления прокуратуры района не представлены, в связи с чем прокуратурой района 18. 04. 2017 г. в отношении глав администраций сельских поселений «с. Дылым», «с. Гуни», «с. Буртунай», «с. Хубарский» и руководителя СПК «Дружба» возбуждены дела об административном правонарушении, предусмотренного ст. 17.7 КоАП РФ, которые направлены в суд для рассмотрения по существу.

*М.М. ХАЛИЛОВ, прокурор района, старший советник юстиции.*

# *Вам нас не запугать!*




Недавно в газете «Чапар» прочитал статью Магомедова М. Ю. под громким заглавием: **«Воспитанием детей займемся мы или интернет игры?»** Забегая вперед, для нетерпеливых читателей и друзей позволю ответить сразу. Воспитанием детей должны заниматься все, и первую очередь, родители, которые в последнее время больше думают о деньгах, чем о своем непосредственном долге. Об этом должны знать и помнить образовательные учреждения, общественные и религиозные организации, а также все те , кому небезразлична жизнь будущего поколения нашей страны, иначе нас ожидают самые плачевные последствия.

Мы живем в трудное время. Трудность в основном заключается в том, что политическая обстановка в целом мире крайне напряженная. Постоянную, не прекращающуюся информационную войну против России ведут западные страны, создавая при этом всякие помехи планомерному развитию нашей страны.

С помощью наших же людей, они пытаются ослабить нашу страну изнутри. На этот раз они замахнулись на жизнь детей. Мне кажется, что, по воле Всевышнего, все это бумерангом возвратится к ним. Удивляет поведение некоторых наших граждан. Почему они, в буквальном смысле, продаются за деньги, становятся предателями и исполнителями черных дел в руках наших врагов.

Хочется напомнить нашим недругам, что наша страна - это мощная ядерная держава и официально входит в ядерный клуб мира. Плюс ко всему этому, те 90-е годы далеко позади! Наш президент - истинный патриот своей страны, и дети наши находятся под надежной защитой государства.

*Т. С. ГАДЖИЕВ, глава АСП «село Инчха».*

# «Хlакъикъат» газеталъул юбилей...



Нилъер республикаялда магlарул мацlалда биччалеб «Хlакъикъат» газеталъ гьаб соналъул 3 апрелалда тlубана 100 сон. Гьелъул хlурматалда, Дилим росдал лицеялъул мугlалимзабазул хlаракатчилъиялда, 29 апрелалда районалъул культураялъул Централда тlобитlана рохалилаб данделъи.

Гьенир хlурмат тlадегlанал гьалбаллъун рукlана - «Хlакъикъат» газеталъул хlалтlухъаби: лъайкьеялъул отделалъул редактор Кавсарат Сулейманова, маданияталъул отделалъул мухбир Шамай Хъазанбиева, спорталъул редактор Темирхан Хlасанов, мухбир Забида Гlабдулаева, «Насихlат» газеталъул редактор Париза Гереева, лицеялъул директор Язрапат Юсупова, мугlалимзаби ва цlалдохъаби. Магlарулазе кидаго къиматаб букlана ва букlине буго гlагараб рахьдал мацl,- гьелъул тарих.

Магlарул миллаталъе гьелъул хиралъиялъул ва кlваралъул бицунеб хlужалъун ккола «Хlакъикъат» газета. Гьеб магlарулаз цlалулеб бугелдаса г1ураб г1асруялда жаниб, газеталъ хисарал цlаразул, гьелъул рук1арал редакторазул, гьез нахъа тараб нухалъул, лъугьа- бахъиназул, жакъа бугеб ахlвал-хlалалъул бицун кlалъазе рахъана К. Сулейманова, Ш.Хъазанбиева, П. Гереева, Гуни росдал гимназиялъул мугlалим А. Гъайирбекова.

Данделъаразда рихьизарурал видеороликаз бицунеб букlана редакциялъул хlалтlул, мухбирзабаз т1уралел масъалабазул, газета цебетlезабиялъе гьеб цlуниялъе бахъулеб хlаракаталъул.

Лицеялъул цlалдохъаби: Аминат Дибировалъ ва Умижат Уланбековалъ бихьизабуна «Гlухьбузе нух битlи» ва «Оц бай» абурал умумузул гlадатазул бицунел театралиял сценкаби. Ленинаул росдал школалъул цlалдохъан Узлипат Атаевалъ ц1алана Тубх1ат Зургьаловалъ хъвараб «Бице эбелалъул, умумузул мац1» абураб кеч1, «Хlакъикъат» газеталде жидецаго рахъарал кучlдул цlалана П. Гереевалъ, лицеялъул мугlалим П.Мухlамадаминовалъ. Кучlдул ахlана цlалдохъаби: Аминат ва Асият Сагlидоваз. Жидерго кьурдизе бугеб махщел бихьизабуна лицеялъул 5-8 классазул цlалдохъабаз.

«Яхl» абураб гьитlинаб хабар бицине цее яхъана лицеялъул 4 классалъул цlалдохъан Аминат Мухlамадова. Лицеялъул мугlалимзабаз бихьизабуна «Хlакъикъат» газета жидехъе щвеялда ва гьеб ц1алиялда хурхараб гьитlинабго сценка. Культураялъул Централъул хlалтlухъан Р. Гъанищевас гьалбадерие сайгъат гьабуна жиндирго кечl.

Данделъиялъул ахиралда Кавсарат Сулеймановалъ мугlалимзабазе ва цо-цо цlалдохъабазе сайгъат гьаруна «Хlакъикъат» газеталъ 100 сон тlубаялде риччарал буклетал, гьелъул бетlерав редактор Гlали Камаловас хъвараб ***«Дагъистан Республикаялъул миллиял культурагун мац1ал ц1униялъулъ ва церет1езариялъулъ прессалъул бугеб к1вар»*** абурал т1ахьал, дипломал ва Баркалаялъул кагътал. К. Сулеймановалъ данделъаразе баян кьуна Имам Шамилил 220 сон тlубаялда хурхун лъазабураб конкурсалъул ва ахlана киналго гьенир гlахьаллъизе.

Данделъи бачана лицеялъул мугlалимзаби: Зугьра Загьировалъ ва Марьям Гlалиукъаевалъ.

*Хl. КАРИМОВА.*




***Г1абасова Маржанат*** гьаюн йиго 1925 соналъ Хасавюрт шагьаралда. Рагъ байбихьараб заманалда гьелъул инсуца хъизан Алмахъалде щвезабун буго ва, жиндиего бокьун, рагъде ун вуго.

Маржанат Терекалъул канал бухъулелъуе х1алт1изе ун йиго, амма гьелъул заг1иплъиялда гурх1ун, Байболат абулев алмахъас росулъе щвезаюн йиго. Гьениса т1адюссун хадуй, гьеб колхозалда х1алт1ун йиго.

Х1еренай, рак1г1ат1идай Маржанат рек1ее г1ун рагъул г1ахьалчи Г1абасов Байирхание 1948 соналъ гьел данделъула.

«Талих1аб ва рохалилаб бук1ана нижер цадахъаб г1умру. Аллагьас ц1унаги нилъ ва нилъер наслаби рагъул ва гьелда хадуб нижеда бихьараб ракъараб заманалдаса»,-ян абула Маржанатица кидаго.





***Г1умарова Забайнат*** гьаюна1930 соналъ Алмахъ росулъ. «Дунги гьаюн, хун йиго дир эбел»,-ан байбихьана Забайнатица жиндирго хабар. Хадувго хун вуго эменги. Жеги балугълъиялде яхинч1ей дун йит1ана Дилималде нух гьабулеб бак1алде. Хадусан лъугьана колхозалда х1алт1изе. Ниж цоцалъ х1алт1улаан къацандун. Доб заманалда х1алт1улъ къей г1адаб бук1ана. Дун бергьаразул кьерда йик1унаан ва дие г1езег1анго шапакъаталги щвана. Къараб бригадаялде бергьаралъ махсародул куч1дул ах1улаан, гьезул квах1аллъи, бажари гьеч1олъи къват1иб ч1вазабулаан. Къад колхозалъе х1алт1улаан, къаси (моц1рол канлъухъе) жиде-жидер хурзабахъе унаан. Дир г1умрудул гьудул Г1умаров Паша кколаан рагъул г1ахьалчи. «Нижер г1елалда бихьараб бицадуе хут1аги, дир лъимал»,-ан лъуг1изабуна жиндирго пашманаб хабар Забайнатица.

*Н. НАБИЕВА, Алмахъ росу.*

# Харабазул Советалда...

Дагьал цереr1ан къояз районалъул культураялъул Централда т1обит1ана Дилим росдал администрациялда цебе г1уц1араб харабазул Советалъул данделъи. Гьенире г1ахьаллъана - администрациялъул бет1ер И.Мух1амадов, росдал депутатал, ОМВДялъул начальникасул заместитель С. Мух1амадов, г1олилазул вакилзаби.



Данделъиги рагьун, Советалъул председатель Имулав Х1ажиевас абуна: ***«Гьалмагъзаби! Харабазул Советалъул мурад буго г1адамазул х1ажалъиялде, росдал сипат лъик1аб рахъалде хисизабиялде, къокъгьабун абуни, социалиябгун экономикаялъул рахъал лъик1лъизабиялде идарабазул бут1рузул пикру буссинаби, нилъер рахъалдасан гьезие бажарараб кумек гьаби, гьел бит1араб нухде ккезари. Жакъа нилъеца гьоркьобе босун буго «Дылымское» ГУПалъ 2016 соналъ гьабураб ва 2017 соналъ гьабизе бугеб х1алт1ул халгьаби»***, -ян.

ГУПалъул директор Г1. Мух1удиновас гьениб бицана жинца нухмалъи гьабулеб маг1ишаталда т1ощел г1езабиялъул, раг1и-хер х1адуриялъул, г1и-боц1и хьихьиялъул, техникаялъул, х1алт1ухъабазе мухь кьеялъул бугеб ах1вал -х1алалъул, дандч1валел зах1малъабазул ва г1олел-г1оларел рахъазул.

Г1.Мух1удиновасда И. Х1ажиевас ц1ехана: ***« 2015 соналъ ч1ег1ербоц1ул къадар бук1ун буго 235, 2016 соналъ т1аса ун руго 27 г1ака ва 23 рече. Гьединго, камиял ккун руго хур-хер г1езабиялда гьоркьор (4 млн.898азарго гъур.) ва г1и-боц1и г1езабиялда гьоркьоб ( 59 азарго гъур.). Гьелъие г1илла лъазе бокьила»,-***ян. Дагьалъ хут1ана гьезул к1алъаял бах1салде сверич1ого. Гьелъие г1иллалъун бук1ана маг1ишаталъул бут1абазда бугеб ах1вал-х1алалъул ц1ех-рех гьабизе т1ад къараб комиссиялъ раг1а-ракьанде щун гьеб гьабун гьеч1олъи.

К1алъазе рахъарал-З.Эмеевалъ, И. Насрудиновас, М.Г1азаевас, С. Салатгереевас, И.Мух1амадовас, М-рашид Мух1амадх1абибовас, М. Байхановас ва цогидазги гьениб бицана ГУПалъул х1алт1и дагьабги лъик1лъиялъе гьаризе кколел тадбиразул, киналго росдал г1адамал цолъун х1алт1изе ккеялъул ва гь.ц. Гьединго, халгьабиялде росун гьеч1ониги, к1алъаял ккана г1олилазе минаби разе ракь т1алаб гьабиялда, бичча-бихъан толеб боц1уда, мегъал заз-хъарахъалдаса рац1ц1ад гьариялда ва цогидалги хех т1уразаризе кколел суалазда хурхарал. Бихьулеб бук1ана гьел суалаз киназулго рах1ат хвезабун бук1ин ва, нахъбахъич1ого, гьел бет1ералде рахъинаризе х1ажат бук1ин.

Данделъиялъул х1асил гьабулаго И. Х1ажиевас абуна: ***«Дица цоги нухалъ такрар гьабулеб буго, нилъер мурадлъун кколаро х1алт1и какизе, г1унгут1аби къват1ир ч1вазаризе, щив вук1аниги г1адамазда, квешаб рахъалдасан вихьизавизе лъугьин.***

***Нилъеца нухмалъулел ккезаризе ккола бит1араб нухде, гьезие гьабизе ккола бажарараб кумек. Гьедин гьабич1они, киданиги лъик1лъизе гьеч1о росдал г1адамазул рук1а- рахъин.***

***ГУП совхозлъун бугеб заманалда рук1ана г1езег1анго лъик1ал г1адатал, гьанже гьел к1очонтун руго. Гьел ц1игьаруни, лъик1аб бук1инароандай? Дагьал гьеч1о нилъер росулъ г1унгут1аби, нил***ъ х1алт1изе ккола гьел дагьлъизариялдагун т1аг1инариялда т1ад»,-ан. Данделъи ахиралде щвана резолюция къабул гьабиялдалъун.

*М.-Ш.Г1АБДУЛАШИМОВ.*

# Жамагlат разияб хlалтlи

Гертма росдал цо къотlноб, лъеца чурун, техникаялъе щибгурин, гlадамал хьвадиялъецин хlинкъи бугеб ахlвал-хlал лъугьун букlана.

Гьеб бихьарав Мирзаханов Камильпашаца, жиндирго харжалдалъун, лъим чвахиялъе бетоналъул лоткабиги лъун, къватl къачlана. Росдал жамагlаталъ, , ракl-ракlалъулаб баркала загьир гьабулеб буго гьев сахаватав гьалмагъасе. Гьарулеб буго гьесие, гьесул хъизан- лъималазе щулияб сахлъи, рохел ва гьабулебщиналъулъ битlккей.

Бокьилаан рес бугел г1адамаз, гьесдаса мисалги босун, росдал гlунгутlаби тlагlинариялде тlад хlалтlи гьабизе.

*С-м. САГИТМУХlАМАДОВ, Гертма росу.*

*Инсан ва гIумру*

# Даималъ нахъе хутIила

1960 -1970 соназ дун хIалтIулев вукIана Дилималда бук1араб «Сельхозтехника» идараялда росаби запчастаздалъун хьезарулев мастерлъун.

Нухазул участкабазда мастерлъун хIалтIулев вукIана Гъозталаялдаса Абакаров ГIабдулатIип. Цо нухалда, гIодорчIун гара – чIварулаго, ГIабдулатIипица дие бицана: ***«Цо къоялъ дун ахIана райкомалъул тIоцевесев секретарь, Хубаралдаса ГIамирг1алиев Батирица жиндихъего ва абуна: ГIабдулатIип! Гуниялдасан Хубаралдеги, Гертмаялдеги, ГIаркьухъеги унел нухазда базе ккола лъабго-ункъо кьо. Гьел рачIого нух бахъизе санагIатаб бакI бугищан балагье»,***-ян.

Дица гьесда абуна: ***«Дир инженерлъиялъул лъай гьечIо, бегьулеб батани,гьеб иш цогидасда тIад къай»,*** -ан . ***«Дудаго т1адкъараб т1убай»***, -анги абун, гьес дун нухда т1овит1ана. Лъабго къоялъги тирун, санагIатал бакIазул халги гьабун, дун щвана гьесухъе.

Батирица, хадусеб къоялъго, кIиго С-100 тракторалги ритIун «Щобил нух» абулеб бакIалдасан рехсарал росабалъе цIияб нух гьабиялде байбихьана. Гьеб гIумруялдеги бахъинабуна.

Бихьулищ? Районалъул бетIерасе бокьани, иш хехго бет1ералде бахъунеб бук1ин. Дица гьелда «Щобилнух» -ан абичIого, ГIабдулатIипица абухъего, «Батирил нух»-ан абилаан. Гьанжеги кватIун батуларо.

Цо-цоязда гьединал х1ужаби лъалел ругониги, ц1ик1к1унисезда гьел лъаларо, хасго-гьанжесеб г1елалда.

Жакъаги дагьал гьечIо нилъер районалда лъикIал хIалтIаби гьарулел. Амма гьезул хIакъалъулъ цIакъ дагьго бицуна. Гьединазул х1акъалъулъ биценал х1ажалъизе бегьула г1олеб г1елалъе ва гьезухъе гьел кьей ккола нилъеда т1адаб налъилъун.

***М.-р. ЛАБАЗАНХIАЖИЕВ,***
***Хубар росу.***

# Ричун росизе ккелароан...

ТIоцебе ракьалда хур бекьун буго Адам аварагас. Абула досул заманалда ролъул мугь гIанкIудал хоно гIанасеб букIанилан. Ахирияб заманалда росабалъ хур бекьулел къанаг1алъун руго. Щивас абула гьелдасан хайир гьечIилан. Лъазе ккола нилъецаго гIезарурал нигIматазде бачIунеб кинабниги ниг1мат гьечIеблъи.

ХIадисалда буго Аллагь щибаб сордоялъ хуралде ваккулин ва абулин: ***"Дица дудаги дур бетIергьанчиясдаги баракат лъуна"***, -ян, цинги БетIергьанас бекьараб хуралъул щибаб тIамахалде тIаде малаикги вакил гьавулилан. Гьеб хур бакIаризегIан хурул бетIергьанчиясда мунагьал чури тIалаб гьабизеги Аллагьасе тасбихI гьабизеги т1алъулилан.

Хурул хIакъалъулъ хъварал хIадисаз нилъее бицунеб буго нилъеца бекьулеб ракьул хIалкIолъиялъул ва баракаталъул.

Чан чияс гьанже гьелъул пикру гьабулеб, кванил нигIматал тукабаздаги рукIаго. Цо-цоял гаргадула багьаби эхеде рахунел ругилан ва кванил нигIматал росизе гIарац гIоларин. Роол къояз гьабураб хIалтIуца, тIубараб лъагIелалъ жалго кваназарулел рукIин кIочон буго гIадамазда. Гьедин щивас гьабуни,нилъер рукIинаан рацIцIадал кванил нигIматалги сахлъиги.

***Х. ВИСАИТОВ.***


## ОБЪЯВЛЕНИЕ

***Уважаемые казбековцы!***

***Возобновил работу бетонный завод, расположенный в микрорайоне "Салавюрт" с. Дылым.***

***У нас вы можете заказать бетон и раствор любых марок по доступной цене и высокого качества. Мы работаем без выходных. Спешите заказать высококачественный бетон до начала месяца Рамадан.***

*Справки по тел:*
***8 988 650 55 75; 8 988 300 50 55.***


*Спорт - инсанасул сахлъи*

# Волейбол

29 апрелалда Дубкиялда тIобитIана, Афгъанистаналъул рагъул гIахьалчи Назирдин Салимханов ракIалде щвезавиялъул, районазда гьоркьосеб, волейболалъул турнир.

«***Районалъул гIолилал-терроризмалде ва наркоманиялде данде***»абураб ахIиялда гьоркь тIоритIарал гьел къецазулъе гIахьаллъана нилъер ва Буйнахъск районаздаса 7 команда.



Турниралъул х1урматиял гьалбаллъун рук1ана- Дубки посёлокалъул бетIер ГI. Абакаров ва туристазул «Чайка» централъе нухмалъулев Д.ХIажиев. КIалъазе вахъарав ГI.Абакаровас абуна: ***«Гьадинал тадбирал тIоритIиялъе посёлокалъул администрациялъ бажарараб кумек гьабизе буго. Гьез щулалъизарула нилъер гьоркьорлъаби, квербакъула гIолеб гIелалъе тарбия кьеялъе»***,-ян. КIиго группаялдеги рикьун тIоритIарал хIаязул хIасилалда, финалалде ана Дилималдаса «ГIумаров» КФХялъул ва Гертма росдал командаби. Гьениб бергьенлъи босана КФХялъул командаялъ ва гьеб бахъана хIаязул чемпионлъун. Лъабабилеб бакIалъе гIоло дандчIвана Калининаул росдал ва «Чиркей ГЭС» командаби. «Чиркей ГЭС» команда гьениб бергьана ва лъабабилеб бакIалде бачIана. «Бищун лъикI ратIагьарулевлъун (разводящий) гьенив рикIкIана Дилим росулъа С. Гелакаев, цIунулевлъун (защитник)- «Чиркей ГЭС» командаялдаса И. МухIамадов, хIалевлъун (игрок), тIаде кIанцIулевлъун (нападающий) Гертмаялдаса ХI. Имамирзаев ва ГI.-муъмин Мусаев.

Призалъулал бакI ккуразе ва бищун лъикI хIаразе гьенир кьуна районалъул,посёлокалъул администрациябазул ва Н.Салимхановасул гIагарлъиялъул рахъалдасан кубокал,медалал,грамотаби ва г1арцулал сайигъатал. Н.Салимхановасул эбел ПатIимат Салимхановалъ ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна турнир гIуцIаразе, гьеб тобитIиялъе квербакъаразе ва киналго гьенире гIахьаллъаразе.

***И. БУЛАТХАНОВ.***

# ЦIа свинабуна

26 апрелалъул радал сагIат 9 ялда тохлъукьего цIа рекIана Дилим росулъ яшав гьабун вугев Будайчиев ХIасанил рукъалда. АхIи барабго, гьеб свинабизе кумек гьабуна росуцоял: Джамиев Шамилица, ХIажиев Масарица, вацал: Якъуб ва МухIамад ГIабдулмуслимоваз.

РикIкIарал минутазда тIаде щвана, МухIамадмансуров Абубакарил бетIерлъиялда, цIа свинабулел - ХIамзат Сайпудинов, Ибрагьим Хизриев ва Мурадис ХIажиев. Гьезул ва росдал гIадамазул кумекалдалъун цIа хеккого свинабуна.

Гьабуни щиб, Будайчиевазул мина- свериялъе, къайи-къоноялъе гьеб тIабигIияб балагьалдасан ккана кIудияб зарал.

Ахириял соназда лъабабилеб нух буго гьезул мина-свери бухIулеб. Батила гьелъие Аллагьасул цо хIукму.

ЛъикIаб букIинаан, гурхIел бугел, ккараб къварилъи бичIчIулел гIадамаз, ресалда рекъараб, кумек гьезие гьабуни.

Будайчиеваз, газета гьоркьоб ккун, баркала загьир гьабулеб буго, къо ккаралъур хIалае ратарал, тIадехун цIарал рехсарал ва рехсечIого хутIарал росуцоязе.

***Редколлегия.***


# Объявление

***Утерянный аттестат №00518000239909 об основном общем образовании, выданный Гунийской гимназией в 2014 году на имя Омаровой Аят Шигабдиновны, считать недействительным.***



*БетIерав редактор:*
*Мухтар Чупалаев*
*тел: 55-48-94*
*Жавабияв секретарь:*
*МухIамадшарип ГIабдулашимов*

*Мухбирзаби:*
*ХIалимат Каримова*
*Сапият СултанмухIамадова*
*Фотомухбир:*
*Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо ХIайбаева*
*Верстка:*
*Марьям АтавхIажиева*
*Типографиялъул адрес:*
*г. Хасавюрт, ООО "Типография №4".*
*Ул. Мусаева 42*

*Учредитель: администрация МР "Казбековский район"*
*Редакциялъул адрес: 368141 РД, Казбековский район, с. Дылым.*
*Индекс: № 51354*
*Заказ № 67 Тираж 1550*

*Газета зарегистрирована в Управлении ФСН по РД 19.05.2014г. ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*


Сахаб, талихIаб гIумру нужее насиблъаги!